



Pou Piblikasyon Imedya: 07/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REOUVÈTI PWOJÈ LOJMAN SIPÒ POU VETERAN YO KI KOUTE 1.5 MILYON DOLA NAN KONTE OSWEGO

Finansman Eta te Itilize pou Modènize Backstreet Apartments nan Fulton Oswego County Opportunities

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia reouvèti Backstreet Apartments nan Fulton, Konte Oswego, ki genyen ladann apatman lojman sipò pèmanan pou ansyen endividi sanzabri ak fanmi yo. Backstreet Apartments te pase nan yon renovasyon plis pase 900,000 dola, sa ki fè ke total lajan eta a depanse nan pwojè sa a monte ak 1,5 milyon dola.

“Envesti nan lojman abòdab ak sipò enpòtan anpil pou asire ke tout moun New York genyen yon kote san danje, ki asire ke yo ka rele lakay yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Reouvèti Backstreet Apartments demontre angajman New York k ap kontinye pou fini kriz sanzabri a nan eta nou an yon fwa pou tout.”

“Finansman pou reouvri Backstreet Apartments nan Fulton pral asire retansyon lojman sipò pou endividi ak fanmi ki genyen salè fèb nan zòn nan”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou vle asire nou ke sila yo ki te sanzabri gen aksè ak lojman abòdab, bon jan kalite nan Konte Oswego ak pi lwen. Envestisman an fè pati efò agresif nou pou devlope ak kenbe lojman abòdab atravè eta a pou ede konbat sanzabri ak bay opòtinite pou tout moun New York.”

Finansman pou renovasyon soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program) nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York an (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), ki te bay Oswego County Opportunities, Inc. (OCO), avan sa 660,000 dola an 2004 pou konstwi apatman sa yo. Travay la enplike reparasyon an deyò bilding nan, ki twouve li nan Vil Fulton, ansanm ak amelyorasyon efikasite enèji nan enteryè. Federal Home Loan Bank te kontribye tou 219,615 dola pou travay reparasyon an.

Anplis lojman, pwojè sa a ofri sèvis sipò pou rezidan yo ak finansman ki soti nan Pwogram Sipò Lojman Eta New York.

Pwojè renovasyon sa a konplete Plan Aksyon Lojman Pou Sanzabri epi Ki A pri Abòdab (Homelessness and Affordable Housing Action Plan) sou senk an pou 20 milya dola ke Gouvènè Cuomo genyen an. Anonse an 2016, plan an ap kounye a rann lojman pi aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè yo ap konstwi epi prezève plis pase 110,000 kay lojman ki a pri abòdab ak 6,000 kay lojman sipò. Plan an se yon

apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominotè kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance) nan Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare,

“Reparasyon yo te fè nan estrikti sa a asite ke apatman enpòtan sa yo rete disponib pou fanmi ak endivi ki nan bezwen yo. Yon lòt fwa nou fyè dèske n ap travay ak Oswego County Opportunities epi n ap tann enpasyans enpak pwojè sa a pral genyen sou kominote a”.

Manm Asanble William A. Barclay te deklare, “Mwen fyè dèske Oswego County Opportunities te resevwa finansman eta a pou reyabilite Backstreet Apartments. Lojman sipò nan kote sa a te yon travay reyisi pou Oswego County Opportunities ak pou endividi ak fanmi y ap sèvi yo. Avan travay reparasyon an, bilding brik la te genyen pwoblèm estrikti grav. Erezman, gras ak asistans resan eta a nan reyabilitasyon an, Oswego County Opportunities ka kontinye misyon li pou bay lojman san danje, asire ak ranfòse kapasite endividi yo nan yon fason pozitif”.

Prezidan Lejislati Konte Oswego a, James Weatherup, te deklare, “Kè nou kontan ke Gouvènè Cuomo rekonèt Konte Oswego kòm yon zòn apwopriye pou kontinye fè investisman. Estabilizasyon ak restorasyon bilding istorik pral ede mennen plis itilizason ak investisman distri biznis anba lavil Fulton”.

Majistra Fulton Ronald Woodward te deklare, “Nenpòt investisman ki te gen enpak pozitif kalite lavi nan kominote nou an se yon byen. Mwen kontan ke Eta New York te fè investisman li nan vil nou an”.

Direktris Egekitif Oswego County Opportunities lan Diane Cooper-Currier te deklare, “Gras ak finansman epi sipò Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, ak Federal Home Loan Bank, OCO te rive repare ak restore yon bilding apatman ki ofri lojman san danje, abòdab, sipò pèmanan pou endividi ak fanmi sanzabri yo. San yon twati estab sou tèt yon moun, endividi ak fanmi yo ap viv nan yon twomatis pèpetyèl, sa k ap rann li difisil pou konsantre sou travay, sante, manje byen, lekòl ak pran swen timoun ak lòt manb fanmi yo. Se sa k fè prezève Backstreet Apartments enpòtan konsa. Rezidan sa yo gen yon kote yo ka rele lakay yo! Yo te resevwa yon kout men pou devlope konpetans travay, fè pitit yo enskri nan lekòl, amelyore sante fizik, mantal ak emosyonèl yo, ak pwogrese pou vin fè pati kominote kote y ap viv la”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)